*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№23 (60543) * 2020 с. * 3 июль * 12 зул-къагIада * 1441 с. * рузман *

## АХИХЪАБАЗУЛ СЕЗОН

**Кванида цадахъ хIалтIизарулел пихъил къадаралда рекъон борцине бегъула гIадамазул буголъиялъул даража. Гьеб къойидаса – къойиде цIикIкIунеб буго. Цо хасаб бакI гьелда гьоркьоб ккола нилъер ахбазаналъги.**

Нилъер районалъул росабалъ гьелъул бачIин гIемерисеб бараб букIуна тIабиягIиял шартIазда. Аслияб къагIидаялда ихдалил заманалда кколел цIороязда. Гьединго кIвар цIикIкIараб суаллъун ккола ахихъабазул жигар, гьезул ихдалго байбихьун тIубараб рииялъги гьарулел хIалтIабиги. Цоялда релъараб цогидаб сонги букIунаро. Гьаб сонаядаги пихъ бугеб ва гьечIел бакIал гIемерал руго. Аслияблъун ккола пихъ хвезе течIого гьеб босизе рачIунезухъе кьун, рес бугел мадугьалихъ ругел районазде, росабалъе бичизе ун, бакъвазе гьабун жигар бахъи. Буго хIалтIулеб КIикIуниб консервал гьарулеб заводги. ГьабсагIаталда завод хIалтIулеб буго ва гьенибе пихъ къабул гьабулеб буго I5 – I8 гъурущ цо киллограммалъул хIисаб гьабун. Пихъ къабул гьабизе заман яги къадар чIезе гьабун гьечIо гьеб босун рачIунел лъугIизегIан заводалъул хIалтIухъабаз гьеб къабул гьабула.

Аллагьас киназего баракат бахине гьабеги.

Суратазда: Пихъил сезон







## КОНСТИТУЦИЯЛДА ХИСА – БАСИЯЛ ГЬАРИЯЛЪУЛ РИЩИЯЗУЛ ХIАСИЛАЛ



**Россиялъул Конституциялда хиса – басиял гьариялъул рищиязде нилъер хIукуматалъ цIакъ кIудияб кIвар кьуна. Аслияб къагIидаялда кIвар буссинабун букIана санитариял тIалабазда рекъон гьел тIоритIиялде.**

Киналго рищиязде рачIунел цо къоялъ ккечIого рукIинелъун гьаркьал кьезе кколеб къо 1 июль бихьизабун букIаниги гIадамазул ихтияр букIана 25 июналдасан байбихьун рищиязда гIахьаллъи гьабизе рачIине. Лъабго гъутабазда ругел рищиязул участкабазе ихтияр кьун букIана 21 июналдасан хIалтIи байбихьизе.

Районалъул территориялда хIалтIулел рукIарал 21 участкабазул рищиязул комиссиял хьезе гьарун рукIана маскабаздалъун, квердахелаздалъун, ручкабаздалъун ва дезинфекция гьабулел раствораздалъун. Киналго участкабазул хIалтIи байбихьулаан радал 8 ялдаса къасе микьгоялде щвезегIан. Рищиял тIоритIана гIуцIараб къагIидаялда. Хьаргаби районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул баяназда рекъон районалда тIоритIулел рищиязда гIахьаллъи гьабизе рачIана 93,28% гIадамазул.

Конституциялда гьаризе хIисабалде росарал хиса – басиязул рахъ ккуна 88,99%, данде чIун 10,30% гьаркьал кьуна.

*рохалилаб тадбир*

# ЛЪИМ БАХЪУЛЕБ БУГО

**МагІлиб росулъ гІумру гьабулел руго лъабазаралдаса цІикІкІарал чияз. Гьенибе лъим чІезе гьабула кІиго, риидалил заманалда лъел къадар дагьлъулеб, иццалдасан. Гьединлъидал росулъ кІудияб къобухІи букІуна гьекъолеб лъадал.**

Гьеб кинабгоги хІисабалде босун жамагІаталъ росу рагІалда гьабуна иццул лъим къасе данде бакІарулеб хІавуз, къаде гьенисан лъурал рогІраздасан гьеб бикьула авалазде.

Лъим бачиналъул хІалтІаби гьарулел руго росдал администрациялъ ва гьеб бачине бугел росдал чІахІиял авалазул гІадамаз.

Росдал администрациялъул бетІерасул заместитель Ш. МухІамадовас баян кьуна авалазда гІумру гьабулел гІадамазул къадар цІикІкІиналда бан ва гьенибе цІакъго дагьаб гурони лъим гьечІолъиялъ хІукму гьабуна росдал чІахІиял авалазде цо – цо тІадеги рогІразул мухъ бачине.

ХІалтІаби гьаризе байбихьаралдаса унеб буго анкь. Бегьулеб бакІалда хІалтІулеб буго техника.

РогІрал лъезе хІисабалде босун буго 2,5 км. манзилалда. Гьаб анкьида жаниб хІалтІаби рагІалде рахъине ккола.

**Суратазда:** Лъим бачунеб





# 2020 – 2021 ЦІАЛУЛ СОН: ХИСА – БАСИЯЛ

## Вузазде цІализе лъугьин

**20 июналда Интерneталдасан къабул гьарулел руго вузазде цІализе бокьарал цІалдохъабазухъа документал. «Пачалихъиял хъулухъал» (Госуслуги) абураб порталалда рагьун буго гьелъие кверзбакъулеб «Поступление в вуз онлайн» абураб хасаб гьумер. Гьенисан абитуриентас ритІизе ккола тІаса бищараб вузалде документал. Гьенибго букІине буго, вузалде документал кьурал абитуриентазда гьоркьоб чанабилеб бакІалда пуланав чи вугевали. Вузалда цІализе восиялъул хІакъалъулъ баян битІизе буго щивав абитуриентасул телефоналде. Гьайгьай, цІунулеб буго цо чанго вузалде документал кьезе букІараб ихтиярги.**

## ЦІи гьаризе руго ФГОСал

РФялъул лъай кьеялъул министрлъун йикІарай Ольга Васильевалъ абун букІана Лъай кьеялъул федералиял пачалихъиял стандартал (ФГОС) цІи гьаризе кколин абун. Гьел хІалтІизе байбихьизе кколаан 2020 соналда. ГьабсагІаталда гьезул бицунеб рагІуларо, амма гьел хІадурулел рукІана. Гьале цІиял стандартазда рехсарал цо-цо тІалабал:

- мухІкан гьаризе ккола школалда цІалун щвараб лъаялъул хІасилазде ругел тІалабал;
- цІи гьаризе ккола цІалул программаби. Масала, «Технологиялда» гьоркьоре рачун руго робототехникаялъул аслиял баянал, программированиялъул мацІал, графикияб редакторалда хІалтІи. ОБЖялъул программаялде тІаде журан руго «Терроризм», «Буллинг», «Мошенничество» абураб бутІрул;
- лъай кьеялъул программаби гІуцІун рукІине ккола лъай кьеялъул хІалтІухъабазда гуребги, цІалдохъабазул эбел-инсудаги ричІчІулеб хІалалда;
- лъай кьеялъул сверухълъи букІине ккола кІванагІан киназего цогояблъунги стандартазде рекъон кколебги;
- гІатІид гьаризе ккола социалиял партнеразул гьоркьорлъаби;
- «хІалтІуллъун» гьаризе ккола школалда тарбия кьеялъул программаби;
- дарсал рукІине ккола базовиябги цІикІкІараб лъай кьолебги даражабазул.

## ЦІалул тІахьал

Федералияб сияхІалда рехсарал цІалул тІахьазда кьолел баяназдаса рази гьечІо гІемерал учительзаби. Гьелда бан, экспертаз кьураб къимат хІакъикъияблъун рикІкІине буго гІицІго щуго соналъ. ЦІалул тІахьазда тІад хъвазе руго гьелъие къимат кьурал экспертазул цІарал. Жидеца къимат кьураб тІехьалда хъвараб жоялъул жавабчилъи гьезда тІалъизе буго.

## ВПР (ТІолгороссиялъул халгьабиялъул хІалтІи)

Гьоркьисала ВПРазда гІахьаллъизе кколаан 4-6 классазул цІалдохъаби. Гьеб тІобитІиялъул къо тІаса бищулаан щибаб школалъ. ЦІияб цІалул соналда ВПР хъвазе буго 7-8 классазги. Щибаб школалъе хІадуризе руго хасал тІадкъаял ва министерствоялъ гьел ритІизе руго школазухъе.

## Роспотребнадзоралъ гьабизе буго учителасул аттестация

Халгьабизе буго рацІцІалъи цІуниялъул рахъалъ (гигиена) учителасул бугеб лъаялъул. Школалда ругел киналго педагогазул аттестация гьабизе буго Роспотребнадзоралъул хІалтІухъабаз. Гьелъие гІилла ккола улкаялъул президентас гъулбасараб «Санитариябгун эпидемиологиялъул рахъалъ халкъалъул парахалъиялъул хІакъалъулъ» абураб указ. Аттестация тІобитІиялъул низамги тартибги чІезабизе буго Роспотребнадзоралъ.

## Дарсал кьезе руго студентаз

Цересел соназда ахІи бахъун букІана школазда учительзаби дагьлъулел ругин абун.

БукІана бицунеб учительзабазул 70 процентниги пенсионерал ругин, цІиял технологиязда рекъон хІалтІизе бажарулеб гьечІо гьезухъаян абун Гьеб масъала тІубазехъин буго педагогиял вузазул студенталги школалда хІалтІизарун.

Россиялъул президентас тасдикъ гьабуна «РФялда лъай кьеялъул хІакъалъулъ» абураб федералияб законалда хиса-басиял гьариялъул хІакъалъулъ» абураб закон. Гьелда рекъон, педагогияб вузалъул лъабго курс лъугІарав бокьарав студентасул ихтияр буго бокьараб школалда дарсал кьезе, ай учительлъун хІалтІизе.

Цогидал вузазул студенталги, лъикІал хІасилаздаги цІалун, кІиго курс лъугІун хадуб хІалтІизе бегьула школалдаса тІадеги лъай кьолел идарабазда (дополнительное образование). Аслияб шартІ ккола лъай кьеялъул идараялда лъазабураб программа школалда кьезе бугеб дарсгун рекъонккей. Масала, информатикаялъул махщелалъе цІалулев студентас кьезе буго, физкультураялъул яги рисованиялъул гуреб, информатикаялъул дарс. Кин хІалтІизе рачине ругел студентал? Гьеб суал жеги роцІинабизе ккола Лъай кьеялъул министерствоялъ.

# ВОЛОНТЕРАЗУЛ КУМЕК

**Коронавирусалъул унти багъарараллдаса жакъа къоялде щвезегIанги районалъул гIолохъабаз волонтеразул кьералги рагъун кIудияб кумек гьабулеб буго районалъул больницаялда унтаразе кумек гьабиялъулъ, росулъе жанире рачIунеб бакIалда постги лъун гIадлу – низам цIуниялъулъ.**

Районалъул больницаялъул медицинаялъул хIалтIухъабаз, районалъул жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабаз гуребги гIемерал гьезул кумек щварал гIадамазги районалъул «Церехун» газеталъул редакциялде рачIунел руго гьезие баркала загьир гьарурал кагътал. Гьоркьехун бахъулеб буго Хьаргаби росулъа Х. ГIабдурашидовалъ бачIараб волонтеразе гьабураб кечI.



## *Росдал г1олохъабазда баркат лъеги Аллагьас*

Нуж гьарурал къоязда
Къуран цIалун батила
ГьадигIан иман бугел
Нуж кIудиял гIун ругел.

Кини кIикIизе гIолой
ХIурулгIинцин ячIинчIищ

Гьединал хIурмат бугел
Нуж кIудиял гIезегIан.

Бараб ахIулъеги нуж
Рекеризе хIадурал
АхIараб гавулъеги
Кумекалъе нуж щолел.

Нужеца гьабун щинаб
Унтаразе квербакъи
Кири кIудияб хъваги
Эбелалъул дарманал.

ГIумру халатаб кьеги
ТалихI кьун рохун таги
ТIокIалъ гьадинал къоял
Рихьугеги нужода.

Нусго сонил гIумру кьун
Хъизан лъимал лъикIал ккун
Къо – къварилъи лъачIого
ЧIаго таги Аллагьас.

Х. ГIАБДУРАШИДОВА
Хьаргаби росу

# ПРОЕКТ «ПРЯМЫЕ ВЫПЛАТЫ»

**С 1 июля 2020 года на территории Республики Дагестан, Фонд социального страхования Российской Федерации реализует пилотный проект «Прямые выплаты», направленный на осуществление страховых выплат по обязательному социальному страхованию застрахованным лицам непосредственно Региональным отделением Фонда социального страхования РФ по Республике Дагестан .**

Это дает гарантию получения работающими гражданами пособий независимо от финансового положения работодателя.

Проект «Прямые выплаты» предполагает отказ от «зачетного» принципа, то есть работодатели станут перечислять страховые взносы на обязательное социальное страхование на случай временной нетрудоспособности и в связи с материнством в полном объеме, без уменьшения на сумму выплаченных пособий.

Пособия будут выплачиваться работающим гражданам напрямую – непосредственно Региональным отделением Фонда социального страхования Российской Федерации по РД.

Работнику по-прежнему необходимо будет представлять работодателю документы, подтверждающие его право на получение пособия.

После получения от работника заявления и необходимых для назначения и выплаты соответствующего вида пособия документов, работодатель, не позднее 5 календарных дней со дня их представления, направляет в территориальный орган Фонда сведения для назначения и выплаты соответствующего вида пособия в виде электронного реестра.

Вся необходимая информация и материалы размещены на сайте Регионального отделения : http://r05.fss.ru.

# О ходе весеннего призыва 2020 г.

**В соответствии с Федеральным Законом РФ от 28 марта 1998 года №53 «О воинской обязанности и военной службе» и Приказа министра обороны РФ от 02.10.2007 года №400 с 01.04.2020 года в Гергебильском районе как и по всей России началась весенняя призывная компания 2020 года.**

Каковы же особенности нынешнего призыва граждан на военную службу?

Сроки призыва были перенесены из-за пандемии (COVID-19) до 15 мая. Требования к призывникам не изменились. Срок службы как и предыдущие годы составляет год (двенадцать месяцев). Требования к довоенной подготовке более смягчены, по сравнению с предыдущими призывами, граждане имеющие основное общее образование (9 кл.) и водительские права категории «С» призываются на военную службу. Преимущество имеют граждане подготовленные в автошколах ДОСААФ России и получившие специальность водителя, имеющие высшее и среднее профессиональное образование.

Женатые граждане имеющие одного ребёнка подлежат призыву в пределах Южного военного округа. Высокие требования предъявляются и к состоянию здоровья новобранцев. У призывников чаще всего встречаются такие болезни как плоскостопие, сколиоз (искривление позвоночника), проблемы со зрением. Образовательный уровень призывников также оставляет желать лучшего. Встречаются призывники имеющие высшее профессиональное образование и не знающие таблицу умножения, или же имена великих полководцев, этот перечень можно было бы продолжить но не это цель данной статьи.

Призывники при прохождении призывной комиссии будут проходить профессионально-психологический отбор включающий в себя несколько тестов на которых дается строго ограниченное время. Данные тесты требуют максимальной концентрации внимания и рассчитаны на знания среднестатистического жителя России.

Призывники нашего района служат по всей России, наши призывники не прикреплены к какому-то определенному региону они как и все призываемые из Дагестана служат во всех регионах Великой России.

Изменений в нормативно-правовых актах регулирующих призыв граждан на военную службу не произошло.

Также хотелось бы ещё раз довести до населения Гергебильского района, что военный комиссариат Левашинского и Гергебильского районов также проводит набор граждан на военную службу по контракту. Желающие ознакомится более подробно с данным вопросом просьба обратиться в военный комиссариат района.

Руководство России все больше внимание уделяет Вооруженным силам на которые тратятся огромные средства. Престиж армии растет стремительными темпами. Многие жители нашего района нашли свое призвание в службе Родине, оставаясь на военной службе и по истечению срока службы, заключая контракт на продолжение военной службы.

Мне кажется это актуальным и для нашего района на сегодняшний день.

**М. МАГОМЕДОВ**

**Военный комиссар Левашинского и Гергебильского районов**

# ДЕТСКИЙ ДОРОЖНО-ТРАНСПОРТНЫЙ ТРАВМАТИЗМ И ЕГО ПРОФИЛАКТИКА

**Профилактика детского дорожно-транспортного травматизма (ДДТТ) – это актуальная и насущная проблема всего нашего общества. Причины ДДТТ: незнание детьми правил дорожного движения (ПДД); отсутствие навыков и привычки соблюдения правил для пешеходов, велосипедистов, водителей мопедов и мотоциклов, пассажиров; недисциплинированность или невнимательность детей на улице; негативный пример со стороны взрослых при нарушении ими ПДД; недостаточный надзор за поведением детей на улице; перевозка детей без детских удерживающих устройств.**

Очень важно, чтобы родители были примером для детей в соблюдении правил дорожного движения!

**Уважаемые родители,** обсудите и разработайте с ребёнком наиболее безопасный путь до школы, и пусть он сам проведет вас в школу и обратно домой. Напоминайте детям, что они должны ходить только по тротуару. Если тротуара нет, то идти необходимо по левой стороне улицы, то есть навстречу движению. Ни в коем случае нельзя сходить с тротуара на проезжую часть дороги, даже если другие пешеходы мешают пройти. Повторяйте это каждый раз, когда выходите с ребёнком из дома. Улицу нужно переходить по пешеходному переходу - «зебре». Сначала остановитесь на тротуаре и вместе с ребёнком понаблюдайте за движением. Если дорога регулируется светофором, нужно дождаться зеленого сигнала для пешеходов, затем убедиться, что все машины остановились и только потом переходить улицу.

**Всегда помните,** что переходя дорогу, сначала следует посмотреть налево, а потом направо.

Объясняйте детям, что опасно стоять за транспортным средством, которое отъезжает со стоянки или паркуется. Водитель может не заметить ребенка из-за его маленького роста. Кроме того, нельзя переходить улицу ни перед, ни за стоящим автотранспортом: водитель может не заметить пешехода из-за транспорта. Нужно подождать, пока отойдет автотранспорт и только потом начать переход.

Не разрешайте ребенку и не позволяйте себе использовать наушники, телефон и прочие устройства на ходу, особенно при переходе дороги!

Научите ребенка различать транспортные средства. Расскажите, как могут быть опасны грузовики, трамваи, автобусы, легковые машины. Дети должны запомнить, какие транспортные средства представляют наибольшую опасность.

Объясняйте детям, что опасно играть рядом с дорогой. Чтобы не оказаться на дороге в аварийной ситуаций, ребенок должен понимать, когда автомобиль становится опасным. Машина не может остановиться мгновенно, даже если водитель нажмет на тормоз. Главное правило безопасного поведения - предвидеть опасность.

Пристегиваться ремнями безопасности необходимо абсолютно всем!

В том числе и в чужом автомобиле, и при езде на короткие расстояния. Если это правило автоматически выполняется взрослыми, то оно легко войдет у ребенка в постоянную привычку. Дети должны сидеть в специальном детском устройстве, и занимать самые безопасные места в автомобиле: середину или правую часть заднего сиденья. Во время длительных поездок с детьми чаще останавливайтесь. Детям необходимо двигаться. Поэтому они будут стараться освободиться от ремней безопасности и капризничать.

**Обучать детей правильному поведению на дорогах необходимо с раннего возраста. Наша совместная задача - воспитать из сегодняшних дошкольников и школьников грамотных и дисциплинированных участников дорожного движения.**

**Безопасных вам дорог!!!**

**М. МАГОМЕДОВА**
**Инспектор ПДН отдела МВД РФ по Гергебильскому району**

## Уважаемые жители Гергебильского района!

**ОГИБДД ОМВД по Гергебильскому району напоминает о необходимости соблюдения Правил дорожного движения и избегания совершения административных правонарушений.**

**В том случае, если Вами было допущено правонарушение, повлекшее за собой лишение права на управление транспортным средством, как мера наказания, рекомендуем Вам незамедлительно сдать водительское удостоверение в отделение Госавтоинспекции по месту жительства.**

**ГУСЕЙНОВ К.**
**Врио начальника ОГИБДД ОМВД РФ по Гергебильскому району**

# ПРОФИЛАКТИКА ТЕЛЕФОННОГО МОШЕННИЧЕСТВА!

**Мошенничество – это особый вид преступления, деятельность и способы которого постоянно меняются в зависимости от потребностей человека и потенциала научно-технического прогресса. Ведь благодаря именно прогрессу мошенники все изощреннее и убедительнее входят в наше доверие.**

Одним из самых известных способов стал телефонный вид мошенничества. Мобильные сети предоставляют телефонным мошенникам особенно широкое поле деятельности, ведь мобильность оборудования заметно облегчает заметание следов и уклонение от ответственности, а наличие современных услуг вроде перевода звонка открывает дополнительные лазейки. В сфере мобильной связи интеллект и фантазия мошенников работают на максимальных оборотах.

Сколько бы предупреждений и сюжетов не выходило в СМИ с подробным описанием методики работы мошенников – данная тема все же остается актуальной и, как показывает практика, в зоне риска находятся абсолютно все.

В основном львиная доля всех мошеннических действий начинается со звонка, и направлена на самых доверчивых граждан, а именно – пожилых людей, которые готовы отдать последние деньги и ценности, лишь бы с их родственниками ничего не случилось.

Напоминаем вам основные схемы обмана:

- Используя мобильный телефон, мошенник звонит потенциальной жертве на стационарный или мобильный телефон и, представившись родственником или знакомым, взволнованным голосом сообщает о том, что он задержан сотрудниками полиции за совершение того или иного преступления или правонарушения, но есть возможность за определенное вознаграждение «решить вопрос». Далее в разговор вступает другой мошенник, который представляется сотрудником правоохранительных органов и уверенным тоном сообщает, что уже не раз помогал людям таким образом. Как правило, деньги требуется отправить «Блиц-переводом», перевести на счет мобильного телефона либо отдать знакомому лже-полицейского. Мошенник может работать один, без соучастников, умело разыгрывая все роли.

Цель мошенников – заставить Вас передать свои денежные средства «добровольно». Мошенники очень хорошо манипулируют людьми и отлично знают психологию. Они используют следующие мотивы: беспокойство за близких и знакомых, волнение за свой телефонный номер, счет в банке или кредитную карту, желание выиграть крупный приз, любопытство – желание получить доступ к SMS и звонкам других людей. Для этого используются различные схемы мошенничества. Будьте осторожны.

**ОМВД РФ по Гергебильскому району.**

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ № ________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 2 июль 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00